gazetavpered@list.ru

*Ассаламу гIалайкум!*

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№35 (6864) * 31 АВГУСТ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 19 РАБИГIУЛ АВАЛ 1448 с. *

# «Хьаргаби» ансамбль мустахIикълъана Москваялда фестивалалъул Гран-приялъе



**Москваялда, Бергьенлъиялъул паркалда, тIобитIана «Русское поле» абураб славяназул искусствоялъул регионазда гьоркьосеб творческияб юбилейнияб XV-леб фестиваль. Фестивалалъ цолъизаруна киналго регионаздаса творческиял коллективаздаса, гIаммаб къагIидаялъ 3000 гIахьалчи.**

Творческиял къокъабазул церерахъиназул хIасилалда, «Хьаргаби» муниципалияб ансамбль рикIкIана Россиялъул бищунго лъикIаб хореографиялъулаб къокъалъун ва мустахIикълъана фестивалалъул Гран-приялъе. Кьурдухъабаз бихьизабуна тIадегIанаб махщел, тирилъи ва дагъистаналъул традициияб культура.

Жакъа гьеб бергьенлъи ансамблялъул махщелчагIазда цадахъ кIодо гьабизе букIана ансамблалъул хореограф мунагьал чураяв МухIамад Багьавудинович ШагIбановас. КIочонареб цIар тана гьес Хьаргаби районалъул гуребги Дагъистаналъул культураялъул тарихалдаги.

Рехсезе ккола гьединго, бергьенлъиялъе мустахIикълъараб кьурдул ансамблялъул хореограф Россиялъул искусствоялъул мустахIикъав хIалтIухъан ГIали МухIамадгIалиевасул цIарги.

Баркула районалъул культураялдаго «Хьаргаби» муниципалияб ансамблялъе щвараб бергьенлъи.

Хадуб ккунги кире аниги гьунарги къуватги кьеги нужее махщалил бергьенлъаби росизе.



1 СЕНТЯБРЬ – ЛЪАЯЛЪУЛ КЪО




# Баракатаб батаги цIияб цIалул сон

**ХIурматиял районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъаби, мугIалимзаби, тарбиячагIи, цIалдохъаби ва киналго жидерго гIумру гIолеб гIелалъе тарбиягун лъайкьеялде буссинабурал!**

РакI–ракIалъго баркула нужеда тIаде щвараб 2026–2027 цIияб цIалул сон ва лъаялъул къоялъул байрам.

МугIалимазул махщел ккола бищунго къиматаблъун, хIажатаблъун ва къадру цIикIкIараблъун. Гьез куцула лъимал гIумруялда мустахIикъаб бутIа лъезе, батIи – батIиял бутIабазда лъикIал махщалилаллъун рахъине, улкаялъе пайдаял гIуцIарухъабилъун рукIине. Нуж ккола лъаялъул иццал, нужеца бикьула лъималазе гIелмугин гIакълу, гьабула гьездехун унго – унгояб эбел – инсулаб бербалагьи, рагьула гьезие кIудияб дунялалде нуцIби.

Нужер кIудияб адабги гьабулаго, гьарула щивасе чорхое щулияб сахлъигун къуват, кIудияб сабру, парахатаб, хIалтIуде регIун хутIараб гIумру, хIалтIулъги, цIалулъги чIахIиял бергьенлъаби, гьабулелъулъ икъбал.

**М. ТIАГЬИРОВ**
**«Хьаргаби район» муниципалияб районалъул бетIер**

БАРКУЛА!




# Евразиялъул чемпион

Стамбулалда тIобитIана грепплингалъул Евразиялъул АСВ ялъул чемпионат. Турниралда гIахьаллъана «Мастер» категориялда, 00 кг. цIайиялда Хьаргабиса Шамиль ГIалиев. Къецазул хIасилалда Шамиль мустахIикълъана Евразиялъул чемпионасул цIаралъе.

Баркула Шамилида щвараб бергьенлъи, къуват кьеги гьесие хадур ккунги къецазда бергьенлъаби росизе.

# Августалъул совещание тIобитIана

**Щибаб соналъ тIобитIулеб гIадатлъун билъараб, лъай кьеялъул гIуцIиязул хIалтIухъабазул августалъулаб совещание тIобитIана 27 августалда районалъул Культураялъул рукъалъул кIалгIабахъ.**

Совещание ккола цIияб цIалул соналде байбихьи лъолеб официалияб тадбир. Гьенире ахIула киналниги районалъул лъай ва тарбия кьеялъул гIуцIиязул хIалтIухъаби ва районалъул администрациялъул вакилзаби.

Совещание рагьун хадуб, тIоцебе кIалъазе рагIи кьуна районалъул бетIер **М.ТIагьировасе**. Гьес, киналго лъай кьеялъул гIуцIиязул хIалтIухъабазда баркана цIияб цIалул соналде байбихьи. ТIадчIей гьабуна учителасул хIалтIул бугеб кIудияб кIваралда, нилъер букIинесеб-нилъер гIун бачIунеб гIел лъай бугел гурелги, берцинаб тарбия бугел, адаб бугел рукIине ккеялда. КIвар буссинабуна магIарул мацI цIунизе ккеялде. Ясли –ахаздасанго гьеб хIалтIи гIуцIизе ккеялде. Рахьдал мацIалъ лъималазда цIикIкIун кIалъазе ккеялъе, тIоцебесеб иргаялда жалго умумул.

Совещаниялда аслияб бутIа кколеблъун букIана лъай кьеялъул управлениялъул начальникасул ишал тIуралев **С.ГIусмановасул** кIалъай.

*Аслияб къагIидаялъ, жиндирго докладалда гьес кьурал баяназда рекъон Хьаргаби районалда руго 24 лъайкьеялъул гIуцIи. Гьенире гьоркьоре уна: 10 гIаммаб лъай кьеялъул школа, 11 - школалде рачинегIан лъай кьолел гIуцIиял, 2 – ДЮСШ ва 1 - лъималазул творчествоялъул рукъ.*

Киналго гIуцIияздa хIалтIулел руго 522 педагог, гьезул 416 - школазда, ясли - ахазда – 118 ва хутIарал гIуцIияздa 88 чи.

ЦIалдохъабазул къадар 2322 ялде бахунеб буго. Гьезда гьоркьоса 230 цIалдохъан исана тIоцересел классазде рачунел руго.

ЦIияб цIалул сон байбихьилелде, хасаб комиссиялъ, киналго гIуцIиязул лъимал къабул гьаризе хIадурлъиялъул халгьабиял тIоритIана.

Киналго лъайкьеялъул гIуцIияздa лъун руго нагагьаб лъугьа – бахъиналъул хIинкъи букIиналъул ахIи балел системаби. Гьел хIалтIизе риччан хIалбихьиялги гьаруна. Гьелде тIадеги кирго руго видеонаблюдениялъул системаби гIуцIун.

АбичIого гIоларо, РОВД-ялъулгун хехаб бухьеналъе кнопка гьечIо цониги гIуцIиялда. Амма, бухьеналъе гьенир кирго руго хасал телефонал. Киналго лъайкьеялъул гIуцIияздa руго кверзулал металоискателал. Гьелде тIадеги КIикIуниб ва ГIаймакиб школалда руго металоискателазул рамкаби.

Экстремизмалъул ва терроризмалъул профилактика гьабиялъул масъалагун, араб цIалул соналда, лъай кьеялъул гIуцIияздa РОВД-ялъул ва рухIияб управлениялъулгун гьункараб бухьенгун, профилактическияб планалда рекъон киналго тадбирал тIоритIана.

Жакъа къоялде, «Цифровая образовательная среда» проекталда рекъон киналго гIуцIиял интерненталъ хьезарунги руго.

Лъай ва тарбия кьолелъуб, хасаб бакI ккола патриотическияб тарбия кьеялъ. Кибго кIвар кьолелъун руго СВО-ялда хурхарал суалал. Гьеб тIобитIиялъул масъалаби ва аслияб мурад лъималазда бичIчIизабизе ккола. Балъгояб гуро, жакъа социалиял гьиназ гIемерал баянал щвезарулел руго лъималазухъе. Нилъер масъала буго гьеб информациялда гьоркь лъимал ритIараб нухде рачин.

Патриотическияб тарбия кьеялда гьорлъ кIудияб бутIа лъола киналниги гIуцIиязда тIобитIараб гуманитарияб кумек бакIариялъул хIалтIиялъги. Лъималазул рекIелъ хутIулеблъун букIине буго ВатIаналъе гIоло гьабулеб кумекалъул гIаммаб хIалтIулъ жидецаги бутIа лъолеб букIин.

ГIумруялде бахъинабураб ва лъикIаб лъалкI толеблъун ккола школазда 2022 соназдаса нахъе щибаб анкьил байбихьуда борхулеб Россиялъул байрахъ ва гIенеккулеб Гимн. Байрахъ борхизе ихтияр кьола цIалулъ лъикIал хIасилал рихьизарурал цIалдохъабазе. Гьединго школазда билъинабураблъун ккана щибаб цIалул анкь «Разговоры о важном» классалъул сагIаталдасан байбихьи. Гьениб кIвар кьолеллъун руго патриотическиял, тарихиял, берцинаб рукIа – рахьиналъул ва тарбиядул, гьединго сверухълъиялде тIалабгун гIумру гьабиялде руссинарурал суалал.

Школазда аслияб къагIидаялъ тарбия кьеялъулъ кIудияб бутIа лъолеблъун ккола, районалдаса 1600 цIалдохъан гIахьалчи ругеб, «Движение первых» гIолилазул гIуцIиялъул хIалтIи. Лъималазул гIахьаллъигун чанго батIи – батIиял рахъазда хIалтIи тIобитIула гьениб. Жиб – жиб школалда буго жидерго **«Первиязул»** кьокьа. Исана КIикIуниб гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз тIоцебесеб бакI босана школазул кьокьабазда гьоркьоб жигарчилъи бихьизабиялъул къецазда.

Щибаб соналъ Буйнакск шагьаралда тIоритIула рагъулаб хъулухъалъул аслаби лъадариялъул щуго къойил сборал. Гьенибги нилъер лъималазул жигараб гIахьаллъи букIуна.

Патриотическияб тарбиялде бугеб кIварги хIисабалде босун, гьаб бачIунеб цIалул соналдаса нахъе школазде бихьизабулеб буго цIияб хъулухъ **«Советник по воспитанию и взаимодействию с детскими объединениями»**. КIикIуниб гьоркьохъеб школалда гьединаб хъулухъ 2022 соналдаса нахъе гIумруялде бахъинабулеб буго.

Лъайкьеялъул гIуцIиязда кидаго кIвар кьолаан лъималазе физическияб тарбия кьеялъе. Сон бахъанагIан школазда цIикIкIунел руго гьеб цебетIеялъе ресал. Киналго школазда руго комплексниял спортивиял площадкаби (ГIаймакиб школалда хутIун) ва воркаутал. Школазда гIуцIун руго спортивиял клубал.






ГIумруялде бахъинабураб ва лъикIаб лъалкI толеблъун ккола школазда 2022 соназдаса нахъе щибаб анкьил байбихьуда борхулеб Россиялъул байрахъ ва гIенеккулеб Гимн. Байрахъ борхизе ихтияр кьола цIалулъ лъикIал хIасилал рихьизарурал цIалдохъабазе.

Районалда гIумруялде бахъинабулеб **«Одаренные дети»** программаялда гьоркь, араб цIалул соналъ спортивиял тадбирал тIоритIизе харж гьабуна 150 азарго гъурущ.

**ДЮСШ-язда** лъикIал церетIеялгун хIалтIулел руго эркенаб гугариялъул, волейболалъул, грепплингалъул, кикбоксингалъул ва ахирияб заманаялъ футболалъул секцияби.

РехсечIого гIоларо Хьаргабиб А. Тажудиновасул цIаралда бугеб ДЮСШ-лъул лъималазул церетIеял: Дагъистаналъул чемпионаталъул призер **ГIумар Идрисов**; зоналиял къецазул ва рейтинговияб турниралда бергьенлъи щварав **Амир МухIамадов**; зоналиял къецазда ва рейтинговиял турниразул призерал **Шарабудин Шарабудинов, Рамазан Рамазанов, ГIалибег Шапиев.**

КIикIуниб М. Сулеймановасул цIаралда бугеб ДЮСШ-ялдаса зоналияв къецазда бергьарав **ГIусман Урдашов, ГIали ГIалиев, Сулейман МухIамадов.**

Зоналиял къецазда призераллъун рахъарал **Мадани МухIамадов, Шамиль МухIамадов** ва **Сулейман МухIамадов.**

ЛъикIал хIасилал рихьизаруна нилъер лъималаз грепплингалда. Республикаялъул дара- ⇨

жаялда тІоритІарал къецазда нилъер спортсменаз босана 8 тІоцебесеб, 4 кІиабилеб ва 3 лъабабилеб бакІал.

ГІумруялде бахъинабун буго **«Футбол в школе»** проект. Гьелда гъоркь, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул буюрухъалда рекъон, гІуцІана **«Школьная футбольная лига».** ТІоритІана 2–9-лел классазда гьоркьор школалъул цинги муниципалияб этапазул къецал. Гьенир гІахьаллъана 7 школалдаса 36 командаялде руссинарурал 300 цІалдохъан. Къецазда лъикІаб хІадурлъи ва хІасилал рихьизаруна Хьаргаби №1, №2, КІикІуниб ва Хъвартихъуниб гьоркьохъел школаз. Гьез лъикІаб жигарчилъи бихьизабуна Дагъисталналда 1/32 ва 1/16 финалалда.

**Шахматаз** хІаялъул къецазда лъикІал хІасилал рихьизаруна Хьаргабиб №2, КІикІуниб ва ГІаймакиб гьоркьохъел школазул къокъабаз.





**Лъайкьеялъул** гІуцІиязда лъаялъул ва тарбиядул церетІеял рухьарал руго гьенир хІалтІулел педагогазда ва гьезул махщалида.

Чанго сон буго районалда гІумруялде бахъинабуралдаса **«Одаренные дети»** абураб хасаб программа. Щибаб гІуцІиялда руго пагьму – гьунар цІикІкІарал лъималазда хурхарал баянал цойиде ракІарулел ва гьезда гьоркьоб хІалтІи гьабулел хасгьарун рихьизарурал жавабиял. Программа гІумруялде бахъинабиялъул мурадалда рихьизарурал харжалги рукІуна. Мисалалъе, исана гьениб бихьизабун буго 500 азарго гъурущ.

КІвар кьолеблъун буго школалъул ва районалъул даражаялда предметиял олимпиадаби тІоритІиялъул хІалтІи. Араб цІалул соналъ лъикІал хІасилал рихьизаруна Хьаргаби №І, №2, ГІаймаки ва КІикІуни гьоркьохъел школазул цІалдохъабаз.

**Олимпиадабазда** гІахьаллъана 4 – 11 классаздаса 447 цІалдохъан. Гьездаса 43 цІалдохъан рикІкІана бергьараллъун ва 19 цІалдохъан призераллъун.

Рохизе ккараб буго, **этнокультурияб** рахъалда щибаб соналъ нилъер цІалдохъабаз республикаялъул даражаялда рихьизарулел хІасилал. Исана Хьаргаби №1, ГІаймакиб, КІикІуниб гьоркьохъеб школалдаса 9 цІалдохъан гІахьаллъана история, Дагъисталналъул география, рахьдал мацІ ва рахьдал мацІалъул литература предметазул олимпиадаялда.

ГІаймакиб гьоркьохъеб школалдаса 11- леб классалъул цІалдохъан **МухІамад ХІасановас** ккуна 2-леб бакІ республикаялъул даражаялда Дагъисталналъул география предметалъул олимпиадаялда (учитель **И. Исрапилова**).

Гьебго школалъул 11- леб классалъул цІалдохъан **ПатІимат МухІамадова** яхъана рахьдал мацІ ва литература предметазул олимпиадаялъул призерлъун (учитель **П. Эльдарова**). Гьединго 9- леб классалъул цІалдохъан **ПатІимат ГІусманова** рахьдал мацІ предметалъул олимпиадаялда призер яхъана (учитель **П. Эльдарова**).

2025 соналъул ноябралда Хьаргаби №1 гьоркьохъеб школалда тІобитІана **«Ученик года – 2025»** къецазул муниципалияб этап. Гьенир гІахьаллъана Хьаргаби №1, №2, КІикІуниб, ГІаймакиб, Могъохъ гьоркьохъел школаздаса 13 цІалдохъан.

Къецазул хІасилазда, 1 – себ бакІ босана Хьаргаби №1 гьоркьохъеб школалъул 7 классалъул цІалдохъан **ГІалибег Шапиевас** (руководитель **П. Ансарова**).

1 – себ бакІ босана Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалъул 8 классалъул цІалдохъан **Саният МухІамадовалъ** (учитель **А. Абакарова**).

1 – себ бакІ щвана Хьаргаби №І гьоркьохъеб школалъул 10 классалъул цІалдохъан **Асият МухІамадовалъе** (учитель **Дж. Шарабудинова**).

1 – себ бакІ КІикІуниб гьоркьохъеб школалъул 9 кл. цІалдохъан **М. ХІамзатов** (учитель **Р. Пайзулаев**).

Республикаялъул даражаялда районалда гІахьаллъана **П. Шапиев** 7 кл. Хьаргаби №1 гьоркьохъеб школа **М. ХІамзатов.**

КІиго соналъ тІатІалаго **ГІ. Шапиев** республикаялде бергьарал щугоязде гьоркьове ккана.

Исана, республикаялъул даражаялда 5 – 11 классазда гьоркьоб тІобитІулеб математикаялъул **«Пифагор»** олимпиадаялда Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалъул 5 классалъул цІалдохъан **Джамилят КъурахІмаевалъ** босана призовой бакІ (учитель **П. ГІумарова**).

2025 соналъул декабралда тІобитІана Россиялъул ва Дагъисталналъул Конституция лъаялъул олимпиадаялъул республикаялъул этап. Гьенир гІахьаллъана 80 ялдаса цІалдохъан. Нилъер районалдаса гьение ахІана **Асият МухІамадова** (учитель **А. МухІамадова**).

Гьаб соналъул февраль моцІалда Хьаргаби №І гьоркьохъеб школалда тІобитІана 4 классалъул цІалдохъабазда гьоркьоб **«КІицІул кІиго»** абураб III- леб математикаялъул олимпиадаялъул муниципалияб этап. Гьениб гІахьаллъи гьабуна районалъул 6 школалдаса 11 цІалдохъанас.

ЛъикІал хІасилал гьенир рихьизаруна Хьаргаби №1, №2, КІикІуниб, ГІаймакиб ва Хъвартихъуниб гьоркьохъел школалдаса цІалдохъабаз.

Бергьенлъи босарав ккана КІикІуниб гьоркьохъеб школалъул **АхІмад ГІалиев.**

Призераллъун рахъана **Мадина МухІамадова** ГІаймакиб гьоркьохъеб школалдаса; **ХІамзат Рамазанов** – КІикІуниб гьоркьохъеб школалдаса;

**Ибрагьим ГІумаров** - Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалдаса;

**МухІамадамин КъурамухІамадов** – Хьаргаби №І гьоркьохъеб школалдаса ва **Хадижат КъурамухІамадова** - Хъвартихъуни гьоркьохъеб школалдаса.

Гьединго Хьаргаби №1 школалда тІобитІана 4 классалъул цІалдохъабазда гьоркьоб гІурус мацІалъул **«Лингвиненок»** олимпиадаялъул муниципалияб этап. Районалъул 7 школаздаса 16 цІалдохъан гІахьаллъана гьенирги. Бергьенлъи босана Хьаргаби №1 гьоркьохъе школалъул цІалдохъан **Абу-Бакр Абакаровас.**

Призовой бакІалъе мустахІикълъана **Мадина МухІамадова** – ГІаймакиб гьоркьохъеб школалдаса; **Хадижат ХІажагІалиева** КІикІуниб гьоркьохъеб школалдаса.

ЦІалулъ гурониги нилъер районалъул лъималаз жалго рихьизаруна цойги гьунар махщалидаги. Гьедин Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалъул ясазул къоякъаялъ республикаялъул даражаялда **«Жея, ясал!»** къецазда 2- леб бакІ ккуна 30-го къокъа гІахьаллъараб тадбиралда.

Школалде рачине гІечІел лъималазда гьоркьорги тІоритІула сахлъи цІуниялъул тадбирал.

Мисалалъе, 2026 соналъул маялда 5-го ясли - ахалъул гІахьаллъигун тІоритІана районалъул **«Старты надежд»** спортивиял хІаял.

Данде росарал хІасилазда рекъон лъикІаб хІадурлъи бихьизабуна ва І - себ бакІ ккура **«Улыбка»** (КІикІуни) ясли – ахалъул лъималаз.

2 – леб бакІалъе мустахІикълъана **«Солнышко»** (Хьаргаби) ясли – ахалъул лъимал ва 3 – леб бакІ щвана **«Нур»** (Курми) ясли – ахалъул лъималазе.

Араб цІалул соналда районалъул школазда цІалана 42 11 –леб классалъул цІалдохъан. Гьезда гьоркьоса 40 цІалдохъанас кьуна ГИА.

Меседил медаль ва багІараб аттестат щвана Къудукь гьоркьохъеб школалъул цІалдохъан **ХІамзат МухІамадовасе.** Лъабго цІалдохъанасе щвана II степеналъул медаль ва аттестат **ГІайшат ГІабдулаева** – Хьаргаби №1 гьоркьохъеб школалдаса, **АхІмад МухІамадов** ва **МухІамад МуртазагІалиев** – КІикІуниб гьоркьохъеб школалдаса.

Гьоркьохъеб лъаялъул аттестат щвезе ккани кьезе ккола «ГІурус мацІ» ва «Математика» предметазул ГИА. 42 цІалдохъанасда 38-го цІалдохъанасда кІвана экзамен кьезе. Ункьго цІалдохъанасе рес кьуна экзамен цІидасан кьезе гьаб соналъул сентябрь моцІалда.

Гьаб араб цІалул соналда районалда 9 – леб классалда цІалулел рукІана 223 цІалдохъан. Гьезда гьоркьоса 5 цІалдохъан риччачІо ОГЭ кьезе.

БагІараб аттестат щвана 3 выпускницаялъе Хьаргаби №2, КІикІуниб ва Хъвартихъуниб гьоркьохъеб школалдаса.

Аслияб лъай кьеялъул аттестат щвезе ккани цІалдохъабаз кьезе ккола «ГІурус мацІ», «Математика» ва бищараб кІиго предмет. ХІасилазда рекъон 190 цІалдохъанасда кІван ОГЭ кьезе.

ЦІияб цІалул соналда гІемерал хиса – басиял кколел руго школазда лъай кьеялъул рахъалда.

Мисалалъе, тІаде бачІана ДНКР (Духовно – нравственная культура России) предмет.

КІийиде бикьана ОБЗР («Основа безопасности и защиты Родины») предмет. Гьедин гьанже школазда кьезе буго «Начальная военная подготовка» ва «Безопасность жизнедеятельности» предметал.

«ГІараб мацІ» малъизе буго лъималазда умумузе бокьани ва школазда специалист вугони.

ТІаде бачІана информатикаялъул «Искусственный интелект» модуль ва 6 – 11-лел классазда «Россия – мои горизонты» профориентационнияб курс.

Аслияб школалдаса дагь-дагь ккун тІагІинабуна «Обществознание» предмет.

⇨

Гъанже гъеб гІицІго 9 – 11 классазда малъула. Эркенлъарал сагІтал тІаде кьуна «История» предметалъе.

Истрия предметалда тІаде бачІана «История нашего края» модуль. Учебный план, ай абуни дарсазул темаби ва календаралъул график гъанже тІолабго хІукуматалда лъай кьеялъул гІуцІияздa гІаммаб буго.

ЧІезаруна гІорхъаби контрольниял ва халгъабиялъул хІалтІаби гъариялъе. Гъел цІикІкІине бегьуларо щибаб предметалъул гІаммал сагІтаздаса 10% талдаса.

ТІоцебесеб классалъул цІалдохъабазе тІуранго рокъоре хІалтІаби нахъе рахъана.

2026 соналъул 1 сентябралдасан Россиялъул киналниги школазда 1 – 11 классазда лъезе руго дарсазда рукІа – рахъиналъул къимат: «образцовое», «допустимое» ва «недопустимое». Гьенирги жиндирго критерият руго.

Докладалъул ахиралда УОялъул нухмалъулев С.ГІусмановас, цойги нухалдаги, ахІана киналго мугІалимзаби цІалдохъабазда гъоркьоб гъункараб хІалтІи гІуцІиялъе. Гъарана гъунар ва лъай цІикІкІарал цІалдохъаби гІезариялъе тавпикъ, сахлъи ва квербакъи. Совещаниялда кІалъазе рагІи кьуна Хьаргаби №2 гъоркьохъеб школалъул директор **С.МухІамадовалъе** лъай кьеялъул качество борхизабиялъул суалгун.

КІалъазе рагІи кьуна Курми росулъа «Нур» ясли-ахалъул нухмалъулей **Х.Мусаевалъе**. Гъелъул цееяхъиналда аслияб къагІидаялъ бербалагъи буссинабуна лъималазе тарбия кьеялъе хъизамазул ва ясли-ахазул цадахъаб гъункараб бухъеналъул бугеб кІваралъул.

Кинабго рахъалъ лъай борхарал лъимал гІезариялда гъоркьоб дополнительнияб лъай кьеялъул бугеб кІваралъул бицун кІалъай гъабуна Хьаргаби А.Тажудиновасул цІаралда бугеб ДЮСШ ялъул директорасул заместитель **Р. МухІамадовалъ.** КІалъазе рагІи кьуна районалъул чІахІиязул Советалъул председатель **А.Шариповасе**.

ГІадатго, совещаниялъул ахиралда лъай кьеялъул хІалтІухъабазе шапакъатал рикъана. Гъедин, гІемерал соназ ракІбацІадаб хІалтІи гъабуралъухъ ва рихьизарурал хІалтІул хІасилазухъ **«Почетный работник сферы образования РФ» мустахІикъаб цІар кьуна Ибрагьимова Ирайгъанат МухІамадовналъе** – Хъартихъуниб гъоркьохъеб школалъул мугІалим;

**Исрапилова Загърат АхІмадовналъе –** ГІаймакиь гъ.шк. мугІалим;

**КъурахІмаева Эльмира КъурахІмаевналъе** – Хьаргаби №2 гъ.шк. мугІалим;

**МухІамадова Сиядат Эльдаровналъе –** Хьаргаби №2 гъ.шк. мугІалим;

**МухІамадова Сияли Зурпукъановналъе** - Хьаргаби №І гъ.шк. мугІалим;

**Сурхаев МухІамадхІабиб МухІамадовичасе –** МагІалиб гъ.школалъул директорасул заместитель;

**Тажудинова Аймисей Мусабековналъе** - Хьаргаби №2 гъ.шк. мугІалим;

**ШагІбанова Хадижат МухІамадовналъе** - Хьаргаби №2 гъ.шк. мугІалим;

**«Отличник образования РД» абураб цІаралъе мустахІикълъана:**

**Гъафурова ГІайшат ГІумаровна ва ГІумарова ПатІимат ГІумаровна** - Хьаргаби №1 гъ.шк. мугІалимзаби; **ГІалиева ПатІимат Мусаевна** ва **СагІитова ПатІимат ГІумаровна** – Хьаргаби №2 гъ.шк. мугІалимзаби;

**Дамирова Райгъанат Къадиевна**, **ЛатІипов ХІажи ГІабдулатІипович** ва **Эльдарова Пахай ДацихІажиевна**– ГІаймакиб гъ.шк. мугІалимзаби;

**Идрисова Раисат Идрисовна** – КІикІуниб гъ.шк. мугІалим.





Гъединго, районалъул бетІер М. ТІагьировасул рахъалдасан баркалаялъул кагътазе мустахІикълъана; **Асадулаев Шамиль ГІалиевич** ва **Гъазанапов МухІамад ГъазимухІамадович** –МагІалиб гъ.шк. мугІалим;

**ХІамзатова Хадижат Шариповна** – Хьаргаби №2 гъ.шк. мугІалим; Зульпукъанова **ГІайшат МухІамадовна** – Хьаргаби №1 гъ.шк. мугІалим;

**Пайзулаева Равзанат МуртазагІалиевна** – КІикІуниб гъ.шк. директорасул советник; **Шарипова Рисалат Къураевна** – КІикІуниб гъ.шк. мугІалим;

**ГІабдулаева Хадижат МахІачевна** – «Теремок» ясли-ахалъул тарбиячІужу;

**ХІамзатов МухІамад ХІабибович** – «Малыш» ясли-ахалъул музыкалияв руководитель»; **Идрисова ПатІимат МухІамадовна** – «Нур» ясли-ахалъул тарбиячІужу; **Къурбанова ГІайшат АхІмадовна** - «Ласточка» ясли-ахалъул тарбиячІужу; **Къурбанова РахІмат Бадрудиновна** - воспитатель МКДОУ «Ромашка» ясли-ахалъул тарбиячІужу; **МухІамадова Раисат ХІасанхІажиевна** - «Дюймовочка» ясли-ахалъул тарбиячІужу; **Мирзаева ГІайшат Камалудиновна** - воспитатель МКДОУ «Солнышко» ясли-ахалъул тарбиячІужу; **Муртазаева Аминат Шамхаловна** - воспитатель МКДОУ «Чебурашка» ясли-ахалъул тарбиячІужу; **ГІусманова Раисат Къурбановна** – «Улыбка» ясли-ахалъул педагог-психолог; **ХІаджиева Патимат Магомедовна** – «Ромашка» ясли-ахалъул тарбиячІужуялъул кумекчІужу; **ХІаджиева ГІайшат Садуевна** – «Солнышко» ясли-ахалъул прачка; **Ильясова Мадина СайгидмухІамадовна** – «Нур» ясли-ахалъул тарбиячІужуялъул кумекчІужу;

**МухІамадова ГІабидат Халидовна** - «Чебурашка» ясли-ахалъул тарбиячІужуялъул кумекчІужу; **МухІамадова Аминат КъурамухІамадовна** - «Улыбка» ясли-ахалъул тарбиячІужуялъул кумекчІужу; **МухІамадов МухІамадгІали Джамалудинович –** «Ласточка» ясли-ахалъул сторож-кочегар;

МухІамадова Патимат РурахІмаевна – «Солнышко» ясли-ахалъул поваралъул кумекчІужу; Рабаданова Аминат Къурбановна – «Нур» ясли-ахалъул дворник; ГІумархІажиев ГІумархІажи ГІабдулмажидович – Хьаргаби А.Тажудиновасул цІаралда бугеб ДЮСШ ялъул тренер.

Киназдаго баркула щварал шапакъатал ва гъарула хІалтІулъ жеги чІахІиял борхалъаби.

ЦІияб цІалул соналда цІализе ва хІалтІизе къуват кьеги киналго лъималазе, мугІалимзабазе ва лъималазул умумузе.

## Р У З Н А М А

### Рекомендуемая советом алимов Муфтията РД
### Для Гергебильского района РД

# СЕНТЯБРЬ

| Дата | Утренний | Восход солнца | Обеденный | Аср | Вечерний | Ночной |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 03:40 | 05:14 | 11:57 | 15:35 | 18:31 | 19:48 |
| 2 | 03:41 | 05:15 | 11:57 | 15:34 | 18:29 | 19:46 |
| 3 | 03:43 | 05:16 | 11:57 | 15:33 | 18:28 | 19:44 |
| 4 | 03:44 | 05:17 | 11:56 | 15:32 | 18:26 | 19:42 |
| **5** | **03:45** | **05:18** | **11:56** | **15:31** | **18:24** | **19:40** |
| 6 | 03:47 | 05:19 | 11:56 | 15:30 | 18:22 | 19:38 |
| 7 | 03:48 | 05:20 | 11:55 | 15:29 | 18:21 | 19:36 |
| 8 | 03:50 | 05:21 | 11:55 | 15:28 | 18:19 | 19:35 |
| 9 | 03:51 | 05:22 | 11:55 | 15:27 | 18:17 | 19:33 |
| **10** | **03:52** | **05:23** | **11:54** | **15:26** | **18:15** | **19:31** |
| 11 | 03:53 | 05:24 | 11:54 | 15:25 | 18:14 | 19:29 |
| 12 | 03:55 | 05:25 | 11:54 | 15:23 | 18:12 | 19:27 |
| 13 | 03:56 | 05:27 | 11:53 | 15:22 | 18:10 | 19:25 |
| 14 | 03:57 | 05:28 | 11:53 | 15:21 | 18:08 | 19:23 |
| **15** | **03:59** | **05:29** | **11:52** | **15:20** | **18:07** | **19:21** |
| 16 | 04:00 | 05:30 | 11:52 | 15:19 | 18:05 | 19:19 |
| 17 | 04:01 | 05:31 | 11:52 | 15:18 | 18:03 | 19:17 |
| 18 | 04:02 | 05:32 | 11:51 | 15:16 | 18:01 | 19:15 |
| 19 | 04:04 | 05:33 | 11:51 | 15:15 | 17:59 | 19:13 |
| 20 | 04:05 | 05:34 | 11:51 | 15:14 | 17:58 | 19:11 |
| 21 | 04:06 | 05:35 | 11:50 | 15:13 | 17:56 | 19:09 |
| 22 | 04:07 | 05:36 | 11:50 | 15:12 | 17:54 | 19:08 |
| 23 | 04:08 | 05:37 | 11:50 | 15:10 | 17:52 | 19:06 |
| 24 | 04:10 | 05:38 | 11:49 | 15:09 | 17:51 | 19:04 |
| 25 | 04:11 | 05:39 | 11:49 | 15:08 | 17:49 | 19:02 |
| 26 | 04:12 | 05:40 | 11:49 | 15:07 | 17:47 | 19:00 |
| 27 | 04:13 | 05:42 | 11:48 | 15:05 | 17:45 | 18:58 |
| 28 | 04:14 | 05:43 | 11:48 | 15:04 | 17:44 | 18:56 |
| 29 | 04:16 | 05:44 | 11:48 | 15:03 | 17:42 | 18:55 |
| 30 | 04:17 | 05:45 | 11:46 | 15:02 | 17:40 | 18:53 |


**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

**БатІи-батІиял соназда газета къватІибе бачІунеб букІана хадур рехсарал цІаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**

Отпечатано в типографии ООО «Лотос», пр-т Насрутдинова, 61. Претензии к качеству печати принимает типография.

Заказ № ________. Тираж 700 экз.


**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул, цІаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола авторaз. Гъединал макъалаби газеталда рахъула гъезие халкъалъ къимат кьезелъун.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**


Подписано в печать 27 августа 2026 г. в 22:00.
По графику — 22:00.

**Индекс 51350. Цена свободная.**